Impact Factor: 9.2
ISSN-L: 2544-980X

# Кеңесбай Рахмановтың Онлықларында Бәнт Ҳәм Уйқастың Форма Ҳәм Мазмунға Қатнасы

***Мамутова Н. Х*** [1]

**Аннотация:** Мақалада шайыр К.Рахмановтың онлықлары теориялық тийкарда анализленип, олардың бәнтлик қурылысы, онлықлардың форма ҳәм мазмунға қатнасы мәселеси бир неше қосықларын таллаў арқалы ашып берилди.

**Таяныш сөзлер:** онлықлар, форма, мазмун, уйқас, бәнт, екилик, беслик, жақсылық ҳәм жаманлық, мақтаншақлық, поэзия, шығарма.

Қосықтың тәсиршең шығыўы ҳәм кеўилге қонымлы болып келиўи шайырдан үлкен талантты ҳәм шеберликти талап етеди. Өйткени, ҳақыйқый жетилискен шығарма мазмуны ҳәм сыртқы формасы арқалы оқыўшының жүрек төринен орын алыўы мүмкин. Тек ғана айтылажақ пикир менен, оған сәйкес талланған форма қосықта баслы роль атқарып қоймастан, керисинше, баслы қаҳарманның ишки эмоциясы, шайырлық «мен»и арқалы жәмийет, инсан тәғдири туўралы көз-қарасларын сәўлелендире алыўы да шығарманың қунлылығын арттырады. Себеби, «Лириканың формасы – ол тек ғана сыртқы көриниси, бир шуўмағының неше қатардан, ҳәр қатарының неше буўыннан туратуғынлығы емес, ал өз пикирин, идеялын бериўдеги, сюжет, лирикалық қаҳарман жасаўдағы шайырдың туткан жолы, соқпағы да болып есапланады» [1,92].

Қарақалпақ әдебиятында мине усындай көркемлиги жоқары лирикалық шығармалар жүдә көп. Олар стиллик өзгешелиги жағынан бир - биринен парық қылады. Ҳәр бир шайырдың жеке стили оның шығармаға форма табыўына түртки болады. Себеби, шайырлардың өз стили, дөретиўшилик жолы бир-бирине уқсамаған ҳәр қыйлы мазмундағы, ҳәр қыйлы формадағы қосықлар дөретиўине себепши болады. Мәселен, С.Ибрагимов қосықларын әпиўайы оқыўшы түсиниўи қыйын ҳәм қурамалы болса, Б.Генжемуратов дөретиўшилигинде тарийх, өтмиш пенен бүгинги турмыс байланыстырылған ҳалда сүўретленеди. Ал, К.Рахманов шығармаларында болса күшли эмоция, композициялық байланыс, формалық көп түрлилик, туўылған жер, муҳаббат ҳаққындағы сүйиўшилик сезимлери буркып турады. Биз бул мақаламызда К.Рахмановтың мине усындай сыпатқа ийе онлық формасындағы қосықларына кеңирек таллаў жасаймыз.

Онлықлар араб әдебиятында «муашшар» деп жүритиледи.

Муашшар (араб - онлық) – мусаммат түрлеринен бири, он қатарлы бәнтлерден қуралыўшы қосық формасы. Мусамматтың басқа түрлериндеги сыяқлы муашшар қосық формасында да дәслепки бәнт қатарларының өз ара (а-а-а-а-а-а-а-а-а-а) уйқасыўы, кейинги бәнтлерде әўелги тоғыз қатардың өз ара, ақырғы қатардың болса биринши бәнт пенен (б-б-б-б-б-б-б-б-б-а, б-б-б-б-б-б-б-б-б-а) уйқасыўы көзде тутылады. Сондай-ақ, муашшарда да бир яки еки қатар тарже сыпатында тәкирарланыўы мүмкин, бунда уйқасыў тәртиби соған сәйкес болады. Тап мутасса (тоғызлық) сыяқлы муашшар да классикалық лирикамызда да қолланылған қосық формасы болып есапланады» [2,184-185].

К.Рахманов ХХ әсир қарақалпақ поэзиясына, оның лирикасына өзиниң онлықлары менен жаңалық алып келди. Әдебиятымыз тарийхына нәзер салатуғын болсақ, классикалық

[1] Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим - изертлеў институты, Нөкис қаласы

поэзиямызда яки болмаса XX әсирдиң дәслепки ярым шерегине (50-жыллар) шекем заманагөй шайырлардың дөретиўшилигинде бул қосық формаларын ҳеш ушыратпаймыз.

Шайырдың ертеректе дөретилген онлықларына нәзер аўдарсақ, мазмунлық жақтан ҳәр қыйлы екенлигин көремиз. Оларда Ўатан, инсандағы қәсийетлер, өмир ҳәм ўақыт, муҳаббат, жақсылық ҳәм жаманлық ҳаққындағы жеке түсиниклери деталлар мысалында жеткерилип бериледи. Өзбек әдебиятында бул формадағы ең дәслепки қосық аруз системасында шайыр Табибий тәрепинен дөретилген болып, ол мазмунлық жақтан муҳаббат темасында жазылған [3,191]. Уйқасыў формасы жағынан да өзгеше. Онда еки бәнттеги барлық қатарлар бирдей уйқаслы ҳәм биринши он қатардың ақырғы бәнтлери кейинги онлықта да бирдей болып қайталанып келеди. Кейинги дәўирге келип онлық формадағы қосықлар бул принциптен бираз шегинип, уйқасыў тәртиби жағынан да, тематикалық жақтан да анағурлым байыды десек болады. Соның ишинде, қарақалпақ әдебиятында да буның ең жақсы үлгилерин шайыр К.Рахманов дөретиўшилигинде көриўимизге болады. Мәселен, төмендеги онлығын таллап қарайық:

Гейде мағaн ақ қағазлар тым - тырыс, - а
Ақ қағазлар көринеди түнерип, - б
Басланады ойлар менен қырқылыс, - а
Дийўана жүрегим тек сөз тиленип. - б

Гейде мағaн ақ қағазлар сөйлейди, - в
Барын айтар ақтарылып ҳағынан, - г
Оқыўшыңа керек жаңа ой дейди, - в
Айлан дейди поэзия бағынан. - г

Жемис емес, кеўлим мениң тилеген, - д
Дүр сөз излеп сол бағқа көп киремен - д [4, 128].

Қосықта ҳәр бир шайыр - жазыўшының басынан кешетуғын шайырлық толғаныслары, «поэзия бағы» ның жемиси болған жаңа қосықтың дөретилиў процессиндеги ойлар, кеширмелер баян етилген. Шайыр «илҳам периси» ниң келмей, қосық жаза алмай зер - зебили шығып турғанда қағазлар да оған түнерип, «қолыңа қәлем алып жаз» деп турғандай жанландырылған ҳалда сүўретленеди.

Қосық қурылысы жағынан а-б-а-б, в-г-в-г шалыс уйқас түринде байланысып келеди де, соңғы бәнт басар еки қатар өз ара уйқасады. Онлықтың биринши шуўмағында шайырдың толғаныслары, ишки кеширмелери сәўлеленген болса, екинши шуўмақта бул толғаныстың нәтийжеси, ал соңғы еки қатар улыўмаластырыўшы бөлим болып, онда шайырдың бийтақатланыўының баслы себеби, яғный қосық жазыў ушын уйқасымлы сөзлерди излегенлиги айтып өтилген.

К.Рахманов поэзиясында онлықлардың өзгеше түри – еки бесликтен ибарат ҳәм уйқасыўы да түрлише болған онлықлар ушырасады. Бундай бәнтлик форма шайыр поэзиясында сийрек гезлеседи.

Нәкәс адам жасырады айыбын, - а
Жақсы адам тийгизеди қайырын, -а
Биринши - бул дүньяның шүйели, - б
Екинши - ана жердей кийели, - б
Адамларды адамлардан айырың: - а

Нәкәс адам гөзлер истиң қайымын, - а

Жақсы адам ҳүрметлейди зайыбын, - а

Бириншиси - бул өмирдиң душпаны, - в

Екиншиси - жақсылықтың куштары, - в

Адамларды адамлардан айырың - а [5, 131]!

Шайыр адамлардағы пазыйлетлерди сыпатлай отырып, жақсылық ҳәм жаманлық түсиниклерин қарама - қарсы қойып тәрийплейди. Жақсы адамлар пәк, ана жер мысалы кийели болса, ал нәкәс, жаман инсан бул дүньяда артықмаш «шүйел» деп сүўретленген. Олардың бири жақсылық излеп, жақсылыққа ийтермелесе, екиншиси «өмирдиң душпаны» болады деп келтириледи де, «адамларды адамлардан айырың» (парықлай билиң - Н.Мамутова) деп үндеў салады.

Қосықтың бәнтлик қурылысы жүдә жақсы талланған. Ҳәр бир бәнттиң 1-2-5-қатарлары өз ара уйқасқан болса, кейинги шуўмақтағы 3-4-қатарлар өз алдына уйқасып келген. Қосық қатарлары да 11 буўынлы, үш буўыннан ибарат қурамалы уйқастан дүзилген. Соның менен бирге, К.Рахмановтың ҳәр бир бәнти бес қатардан ибарат онлықларында а-б-а-б-б, -а-в-а-в-в формасындағы шалыс уйқас та ушырасады.

Бала гезде үлкейсек деп асықтық, - а

Жигитлерге қарай бердик телмирип, - б

Усы екен ғой бул өмирге ашықлық,- а

Ўақыт шапты өз тулпарын желдирип, - б

Турыў жоқ деп бир орында мәңгилик. - б

Енди үлкейдик. Арадағы қашықлық, - а

Балалалықты сағындырар мудамы, - в

Усы екен ғой бул өмирге ашықлық, - а

Тағы бала болғың келип турады, - в

Бирақ, ўақыт алға асықтырады - в [6, 129].

Биринши мысалда «асықтық», «ашықлық», «мәңгилик», екинши мысалдағы «қашықлық », «ашықлық » сөзлеринде түбирлер өз ара уйқасып келиўи менен қатар, олардағы қосымталар (-лық /-лик) да тутасы менен уйқасты келтирип шығарған.

Өзбек изертлеўшиси И.Султан «Өзбек поэзиясында кейинги дәўирде барған сайын көбирек орын алып атырған бәнтлерден бири. Уйқасыў тәртибинде көбинесе төртлик бәнт схемалары келтириледи. Онлықты, әдетте, рефрен (тәкирарланыўшы) бәнт жуўмақлайды» [7,364]. - деп келтирип өтеди.

Деген менен, К.Рахманов онлықларында ақырғы екилик қатар қайталанбайды. Олар алдыңғы бәнтлерден өз алдына уйқасып келеди де, олардың уйқасы да ҳәр қыйлы болып келген. Мәселен, жоқарыда таллап өткен онлыққа нәзер аўдарайық:

Жемис емес, кеўлим мениң тилеген, - д

Дүр сөз излеп сол бағқа көп киремен - д [8,128].

Бул қатарларда яки алдыңғы еки бесликлеринде ақырғы бәнтлердиң бирдей болып тәкирарланыўын ушыратпаймыз. Сондай - ақ, шайыр қосықтың тәсиршеңлигин арттырыў мақсетинде уйқас түрлерине де жетерли итибар бергенлигин көриўимизге болады. Оларда тутас ҳәм аралас уйқас түрлери басым болып келеди. Мәселен жоқарыда таллап өткен екилигимизде «тилеген»,« киремен » сөзлери тутас уйқаслы болып келген болса, айрым онлықларында аралас уйқас басым.

Жүрегимде муңым болып кет енди,
Шадлығымды басқа биреў көтерди [9,130].

Сен мениң ең баслы темамсаң,
Сонлықтан болмайды дем алсам [10, 43].

Сағыныш дәрти де жер иштен,
Алдымда болмасаң периштем [11, 47].

Жоқарыдағы мысаллардан көргенимиздей, аралас уйқас формасында келген бул қатарларда бир ҳәм еки буўыннан ибарат еки сөз бенен көп буўынлы бир сөз өз ара уйқасып келген.

Соның менен бирге, шайыр поэзиясында түбир ҳәм қосымта менен бирге қатарласып келген көмекши сөзлердиң де биргеликте уйқасыўы сийрек ушырасады.

Ишкирне минлеў ушын,
Иши тар күнлеў ушын [12,51].

Өмир жолы қанша алыс болса да,
Жолда уйқламаңлар қалыс болса да [13,47].

Мине, булар шайыр онлықларындағы тек ғана соңғы екиликтиң өз ара уйқасыўының ҳәр түрли көринислери. Ал, дәслепки төртликлер ҳәм еки бесликлердиң уйқасып келиўи де ҳәр қыйлы екенлигин көремиз.

Онлықлар поэзияның ең киши формаларына киргизилген болса да, онда мазмунды жеткерип бериў басқа қосық формаларына салыстырғанда әдеўир кең. Өйткени, онлықлардағы ишки композициялық байланыс қатар санларының көплиги ҳәм пикирди он қатарға жайғастырыў мүмкиншилигиниң кеңлиги менен басқа қосық формаларынан парық қылады.

Лирикалық қосық композициялық жақтан баслаў, түйин (ен жайыў, прозалық шығармалардағы сыяқлы шырмадағы тийкарғы түсиндириўши бөлим - Н.Мамутова) ҳәм жуўмақ сыяқлы үш бөлимнен ибарат болып, он қатарлы қосықларда көбинесе соңғы еки қатарда берилген жуўмақ алдыңғы еки төртликте толық түсиндириледи ҳәм ашып бериледи.

Автор онлықларының уйқасыў тәртиби де, тематикасы да, сүўретлеў имканияты да кең. Жоқарыда келтирилген онлықтың композициясында ой-пикирди жеткерип бериўде лирикалық қаҳарман ( шайыр - Н.Мамутова) ҳәм лирикалық объект (ақ қағаз) қатнасады.

Шайыр көпшилик онлықларында жақсылық ҳәм жаманлық, инсандағы жамсыз қәсийетлер, муҳаббат ҳаққындағы ойларын қарама - қарсы қойып сүўретлеўге урынады. Мәселен, бир онлығында адамдағы ең жаман иллет болған мақтаншақлық қәсийетин сынға ала отырып, оған шайырлық қатнасын билдиреди.

Жоқ, мен мақтанбайман! Не арттырдым мен ? - а
Өз басымды мақтаў - кеширилмес гүна. - б
Ақмақларды көрип, курыйды диңкем, - а
Қызыл тили зорға сыйған аўзына. - б
Олар мақтанбаса жарылып өлер, - в
Я киси мақтаўын аңлыр тамсанып, - г
Әкесиниң дәўлетинен биреўлер, - в
Паңқылдайды жүреклерге ғам салып, - г

Мен сол күни мақтанаман: егер де, - д

Бир мақтаншақ табылмаса әлемде [15,101]. - д

Қосық 11 буўынлы, шалыс уйқастан дүзилген болып, автор адамлардағы мақтаншақлық пазыйлетин тилге тийек етип алады ҳәм ақмақ адамлар ҳәттеки әкесинен қалған дүньяға да мақтанып, егер мақтанбаса, жарылып өледи деп келтирип өтеди.

Мине, усы онлықта композициялық байланыс избе-из берилгенлигин көриўимизге болады. Дәслеп мақтаншақлық қәсийети ҳәм ол кеширилмес гүнә екенлиги түсиндирилип келинеди де, екинши бөлимде (ен жайыў – Н.Мамутова) мақтаншақ адамдағы қылықлар ( Олар мақтанбаса жарылып өлер) тәрийпленеди. Соңғы жуўмақлаўшы қатарда болса, автордың улыўмалық шешими көринеди. Шайыр бул дүньяда бирде - бир мақтаншақ инсан болмаўын ҳәм ол жаман иллет екенлигин айта келип, «мен сол күни мақтанаман егер де, Бир мақтаншақ табылмаса әлемде» деп өз пикирине жуўмақ жасайды.

Шайыр лирикасын анализ қылғанымызда олар ҳәр қыйлы: тутас уйқас, аралас уйқас, түбир ҳәм қосымталардың өз ара уйқасыўы сыяқлы түрлерин ушыратамыз.

Жуўмақлап айтқанда, К.Рахманов онлықлары тематикасы, уйқасыў ҳәм бәнтлик қурылысы жағынан түрлише. Шайыр онлықлардың жазылыў кретериясынан бираз қашықласады да, өзиниң жеке дөретиўшилик шеберлигинен келип шыққан ҳалда ҳәр қыйлы формадағы уйқасларды шебер пайдалана отырып, бундай қосықлардың тематикасы ҳәм формалық жақтан байыўында салмақлы үлесин қосты.

**Әдебиятлар:**

1. Izzat Sulton. Adabiyot nazariyasi. Toshkent: O’qituvchi, 2005.
2. Курбонов Д., Мамажонов З ., Шералиева М. Адабиётшунослик луғати. Тошкент: Akademnashr, 2013.
3. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. Нөкис: Қарақалпақстан, 1993.
4. Рахманов К. Ўатан муҳаббаты менен. Нөкис: Қарақалпақстан, 1984.
5. Рахманов К. Сен ҳаққында қосық. Ташкент: Ziyo, 2020.
6. Рахманов К. Гузги муҳаббат. Нөкис: Avangard, 2022.
7. Xudoyberdiyev E. Adabiyotshunoslikka kirish. Toshkent: Iqtisod-moliya, 2007.